



New York State
Seal of Biliteracy
(NYSSB)



Enfòmasyon pou Paran sou SO KONPETANS BILENG Eta Nouyòk (NYSSB)

Kisa NYSSB la ye?

So Konpetans Eta Nouyòk (New York State Seal of Biliteracy—NYSSB) la se yon prim ke yo bay elèv ki montre yo rive nan yon nivo konpetans ki wo an Angle ak nan youn oswa plizyè lang lè yo diplome nan lekòl segondè. NYSSB ankouraje etid plizyè lang, mete valè sou divèsite ak kilti pèp nan mond lan, epi bay inivèsite ak patwon yo ka genyen pita, plis enfòmasyon sou elèv nou yo.

Kijan elèv yo ka benefisye de NYSSB?

NYSSB rekonèt enpòtans lè ou kapab pale plis pase yon sèl lang nan mond jodia. Li mete aksan sou travay san pran souf elèv yo, ankouraje yo pou konsève lang natif natal yo, epi kontinye etid lang pandan yo lekòl. Rekonèt konpetans bilileng vin fè pati nan dosye relve nòt ak diplòm elèv sa yo, epi li bay patwon ki ka anplwaye yo ak kolèj yo konpetans elèv yo posede. Tout elèv ki gradye ak NYSSB yo pral resevwa yon so ofisyèl ki atache sou diplòm yo, yon meday pou yo mete pandan gradyasyon an, epi yo ka resevwa tou yon sètifika ki soti nan Depatman Edikasyon Eta New York.

Kimoun ki kapab eseye genyen NYSSB?

Nenpòt elèv ki lekòl nan yon distri ki ofri NYSSB, epi ki gen konpetans ak/oswa kap etidye angle ak yon lòt lang, anmezi pou eseye jwenn prim sa a. Sa vle di tou, elèv ki pale yon lang ki pa angle lakay yo ak sila yo kap etidye yon lòt lang nan lekòl segondè.

<http://www.nysed.gov/world-languages/new-york-state-seal-biliteracy-nyssb>

Kisa elèv yo dwe fè pou yo genyen NYSSB a?

Gen anpil mwayen pou genyen NYSSB a. Etidyan yo dwe montre nivo konpetans ki nesèsè lè yo genyen twa (3) pwen nan angle ak twa (3) pwen nan youn oswa plizyè lang. Elèv yo ka genyen pwen pou NYSSB lè yo resevwa 85% oswa yon nòt pi elve an angle oswa kou nan lòt lang, fè yon nòt fiks nan tèz ofisyèl yo, epi konplete ak prezante yon pwojè an angle ak/oswa nan youn lòt lang.

Kijan mwen ka bay pitit mwen an sipò pou li jwenn NYSSB?

Si w pale yon lang ki pa angle lakay ou, ankouraje pitit ou an pou l kontinye devlope konpetans nan pale, li, ak ekri lang sa a. Sito posib lè pitit ou nan lekòl segondè, pale ak konseye lekòl la sou fason pou w genyen NYSSB a epi kreye yon plan pou gradyasyon ki gen ladann prim sa a. Diskite ak pitit ou enpòtans pou devlope konpetans nan plis pase yon sèl lang ak kijan sa ka ede yo nan sa yo vle fè apre lekòl segondè.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou NYSSB a?

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram NYSSB nan lekòl ou, pale avèk konseye a, pwofesè angle ou swa pwofesè lòt lang. Ou ka jwenn tou enfòmasyon sou [sitwèb NYSSB](https://www.nysed.gov/nysed/bilingual-education) oswa lè ou kontakte biwo nou an pa imèl (nysb@nysed.gov) oswa pa telefòn (518.473.7505).



Office of Bilingual Education and World Languages
New York State Education Department
89 Washington Avenue, 505EB
Albany, NY 12234



New York State
EDUCATION DEPARTMENT
Knowledge > Skill > Opportunity